

Pran yon Bon Depa gras ak **WIC!**



WIC ka ede fanmi w manje byen epi rete an sante.

WIC bay:

- Manje nourisan tankou fwi, legim, lèt, ze, ak plis toujou
- Edikasyon sou nitrisyon ki konsantre sou bezwen fanmi w
- Enfòmasyon ak sipò pou alètman matènèl
- Referans nan lòt sèvis itil

WIC akeyi:

- Moun ki fenk ansent
- Fanmi k ap travay
- Paran, granparan, paran fanmi plasman, ak lòt responsab swen prensipal yo

Ou gendwa kalifye si ou:

- Ansent, ou fenk fè yon tibebe, w ap bay tete, oswa w gen yon timoun laj mwens pase senk lane
- Gen yon revni pi ba pase yon sèten montan oswa resevwa SNAP, Medicaid, oswa TANF
- Ap viv nan Eta New York (WIC pa poze kesyon sou sityasyon imigrasyon oswa sitwayènte)

Se yon trè bon moman pou w jwenn WIC! WIC ka ede w achte manje nourisan timoun ou bezwen pou l grandi an sante epi pou l djanm. Fanmi yo ka chwazi randevou an pèsòn nan yon biwo WIC oswa randevou nan telefòn pandan yo lakay yo. Sèvis yo gratis epi li fasil pou aplike.

Pou aprann plis epi pou jwenn yon biwo WIC, rele Liy Dirèk asistans Growing Up Healthy an nan 1-800-522-5006 epi mande èd pou WIC nan lang prefere w, oswa ale sou **WICHelpNY.org** epi chat avèk Wanda, asistan vityèl WIC la. Wanda disponib nan lang Anglè ak Panyòl.